

# Pwogram Pou Timoun ki gen Paran nan Prizon (CHIPP)

Children of Incarcerated Parents Program (CHIPP)  
Division of Family Permanency Services  
NYC Administration for Children's Services  
150 William Street, 8th Floor  
New York, NY 10038

## Pwogram pou Timoun ki gen Paran nan Prizon (CHIPP)

Divizyon Sèvis Pèmanans pou Fanmi  
Administrasyon Sèvis Timoun  
150 William Street, 8th Floor  
New York, NY 10038

Pou plis enfòmasyon oswa pou w enskri pou yon vizit paran/timoun oswa yon konferans ka, tanpri rele CHIPP nan 212-341-4883 oswa voye yon imèl ban nou sou [CHIPP@acs.nyc.gov](mailto:CHIPP@acs.nyc.gov).



# CHIPP: Lwen Je, Pa Lwen Lespri

## Ki sa CHIPP ye?

Nou jwenn Pwogram ACS pou Timoun ki Gen Paran nan Prizon an anndan Divizyon Sèvis Pèmanans pou Fanmi; yo te kreye li an jen 2000 pou l ofri divès kalte sèvis, soutyen ak òd teknik nan ka ki konsène yon paran oswa yon jèn ki nan prizon. CHIPP te kreye nan lide nan pifòka:

- Paran kontinye jwe yon wòl enpòtan nan lavi pitit yo, malgre yo nan prizon;
- Paran ki nan prizon kapab bay òd yo nan planifikasyon pèmanans lan epi yo dwe enplike ladan l (sitou si yo se resous liberasyon an);
- Timoun vrèman regrèt paran yo ki nan prizon epi fasilite kontak paran-pitit kapab ede timoun yo anpil.

## Ki Sèvis CHIPP Ofri?

### Lokalize Paran:

- Pèsòn òd CHIPP kapab ede yo lokalize paran epi suiv lokalizasyon yo nan sistèm jistis penal la;
- Pèsòn òd CHIPP kapab ede yo lokalize jèn ki kapab nan sistèm jistis penal pou adilt la. Si w konnen yon jèn yo pa konnen lokalizasyon l, oswa yon jèn ou konnen yo te arete, li kapab nan sistèm jistis penal pou adilt la.
- Ou kapab lokalize yon paran oswa yon jèn nan sistèm jistis penal la tou lèw rele twa (3) sistèm koreksyon òd diferan kote yo kapab twouve yo a: Vil, Eta oswa Federal. Avan w rele, tanpri asire w ou gen non paran an/jèn nan, dat nesans li ak tout alyas yo konnen.

Depatman Koreksyon Vil New York (DOC): 718-546-0700  
Depatman Koreksyon Eta New York (DOCS): 518-457-5000  
Depatman Koreksyon Federal: 202-307-3198

**Tanpri rele CHIPP pou plis enfòmasyon:**  
**(212) 341-4883**

**Imèl: [CHIPP@acs.nyc.gov](mailto:CHIPP@acs.nyc.gov)**

## Vizit ak Lòt Fòm Kontak

- Chak madi CHIPP fasilite vizit paran-pitit ak frè ak sè ak konferans ka – tankou Konferans sou Sekirite Timoun, Konferans sou Ekip nan Fanmi ak egzamen plan sèvis (SPRs) – nan Rikers Island;
- Plizyè fwa nan mwa a CHIPP fasilite vizit paran-pitit ak konferans ka nan etablisman koreksyon òd Eta ak Federal nan gran rejyon metwopolitèn nan ak eta nan anviwon yo.
- Pèsòn òd CHIPP kapab ede òganize kontak telefonik ak telekonferans ak paran. Sa a itil an patikilye nan elabore yon plan pèmanans oswa nan mete l ajou, epi nan fasilite patisipasyon paran nan Konferans sou Ekip nan Fanmi ak Egzamen Plan Sèvis.

## Asistans Teknik ak Fòmasyon

- CHIPP ofri pèsòn òd ACS ak ajans ak paran nan fanmi ak èy yon fòmasyon demi jounen, ak resous tankou yon liv ak videyo. Fòmasyon an abòde sijè tankou ki jan pou w prepare vizit, reyaksyon timoun yo pandan vizit, travay ak paran nan fanmi ak èy, preparasyon pèmanans ak paran ki nan prizon, politik ak pwosedi ki an rapò ak sa ak plis toujou.
- Pèsòn òd CHIPP ofri asistans teknik pou ka espesifik ak jeneral tou.

## Plis Resous ACS

- Inite Defans Dwa Paran ak Timoun nan Biwo ACS la ofri paran ki nan prizon ki gen enkyetid konsènan plasman pitit yo nan fanmi ak èy oswa ki sou dosye ACS yon apèl a frè vire nan 212-619-1309. Paran kapab rele tou nan liy asistans telefonik òdinè a nan (212) 676-9421.
- Pou vizit nan etablisman ki nan nò, tanpri rele nan (212) 442-5134, (212) 442-5041 (Manman) oswa (212) 341-9669 (Papa).
- Paran ki nan prizon kapab rele Nouvo Liy Apèl a Frè Vire CHIPP la tou nan (212) 341-3322 pou kesyon konsènan vizit sèman.

## Kesyon Yo Souvan Poze

### **Ki Politik ACS Nan Ka Kote Paran an nan Prizon?**

Paran ki nan prizon (ki gen pitit nan fanmi ak èy) gen pifò dwa ak responsablite lòt paran ki gen pitit nan fanmi ak èy genyen, tankou: dwa pou yo resevwa vizit pitit yo, pou yo mete yo nan planifikasyon pèmanans epi pou yo prezan nan randevou Tribinal Fanmi, san l pa limite ak sa sèman. Paran ki nan prizon gen responsablite tou pou yo enfòmè asistan sosyal yo a sou deplasman yo, sou plan yo pou avni pitit yo, epi yo dwe konfòmè yo ak plan sèvis yo a (otan sa posib).

### **Èske yon Planifikatè Dosye Dwe Fasilite Vizit Paran-Pitit lè paran an nan prizon, menm si li byen lwen?**

Wi. Si objektif la se reyinifikasyon, epi vizit yo nan pi gran enterèt timoun nan, epi plasman ak pwosedi etablisman koreksyon òd la otorize vizit, dwe gen vizit paran-pitit omwen yon fwa pa mwa (lè sa posib). Yo aplike politik sa a nan gran rejyon metwopolitèn nan ak nan eta ki nan anviwon yo.

### **Kòman Yo Aplike ASFA Nan Dosye Ki Kote Paran An Nan Prizon?**

Kwak Lwa sou Adopsyon ak Sekirite Fanmi (Adoption & Safe Families Act (ASFA)) redui delè fanmi yo genyen pou yo travay sou reyinifikasyon, gen eksepsyon konsènan obligasyon pou depoze yon demann pou anile dwa paran an (TPR) lè sa a pa nan pi gran enterèt timoun nan. Youn nan eksepsyon yo se kapab y ap libere paran an nan yon ti tan, gen yon lyen enpòtan ant paran an ak timoun nan, epi yo kwè reyinifikasyon an kapab fè nan yon delèki rezonab. Yo te adopte Lwa ASFA sou Elajisman Diskresyonèl an jen 2010, epi yo kapab aplike l pou kèk paran anprizònman aktyèl yo oswa ansyen anprizònman yo te yon faktè enpòtan nan kenbe timoun nan nan fanmi ak èy pou plis pase 15 mwa. Tout desizyon yo dwe espesifik pou chak ka epi yo dwe pran pi gran enterèt timoun nan an kont. Yo dwe dokimante nan dosye a eksepsyon nan depoze TPR la klèman. Pou plis enfòmasyon sou nouvo lwa a, tanpri konsilte Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an website, [www.ocfs.state.ny.us](http://www.ocfs.state.ny.us).